



Pou Piblikasyon Imedya: 7/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO RÈGLEMAN POU PWOTEJE KONSOMATÈ  
KI TE KONFYE NAN ENFÒMASYON KI PA KÒRÈK NAN REZO FOUNISÈ A**

***Nouvo règleman an satisfè angajman Eta a pou pwoteje konsomatè yo kont  
depans sipriz***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la te adopte yon règleman pou pwoteje konsomatè yo kont depans sipriz enjis lè yo te konfye nan enfòmasyon ki pa kòrèk nan anyè founisè swen sante konpayi asirans yo a. Nouvo règleman an adrese yon enkyetid depi lontan pou gwoup defans konsomatè yo lè li asire konsomatè ki sèvi ak founisè yo kwè ki nan rezo a sou baz move enfòmasyon konpayi asirans yo bay yo pa pral peye plis pase pataj depans yo nan rezo a. Gouvènè a te enkli inisyativ sa a nan diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 li a.

"Nouyòkè yo pa ta dwe janm avèg pa depans sipriz akòz enfòmasyon ki pa kòrèk nan anyè founisè swen sante konpayi asirans yo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo règleman sa a pral ede pwoteje konsomatè yo kont depans sipriz epi asire yo pa peye plis pase pataj depans yo nan rezo a. Inisyativ sa a fè pati angajman administrasyon mwen an pou asire ke yo trete konsomatè yo san patipri, epi mwen fyè dèske n ap pran mezi sa a pou nou respekte pwomès sa a".

**Sirentandan Depatman Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare,** "Asirans yo responsab pou bay enfòmasyon egzat sou founisè yo, epi konsomatè yo ta dwe kapab konfye nan enfòmasyon sa yo pandan y ap pran desizyon enpòtan sou swen medikal pou tèt yo ak fanmi yo. Règleman sa yo t ap tann depi lontan an se yon bagay ki chita sou bon sans - konpayi asirans yo pa ta dwe pwofite chaje konsomatè yo frè andeyò rezo a lè konpayi asirans lan te koupab pou bay enfòmasyon ki pa kòrèk nan fè konnen yon founisè swen sante te nan rezo a".

Dapre règleman final la, move enfòmasyon nan anyè founisè a rive lè:

- Yon founisè ki pa patisipe nan rezo konpayi asirans lan ke yo mete yon fason enkòrèk nan lis kòm yon founisè nan rezo a nan anyè founisè konpayi asirans lan sou entènèt oswa sou papyè;

- An repons a yon demann konsomatè pou enfòmasyon pa telefòn oswa atravè mwayen elektwonik, yon konpayi asirans endike alekri ke yon founisè nan rezo a poutan founisè a pa nan rezo a; oswa
- Yon konpayi asirans pa bay yon konsomatè enfòmasyon sou sitiyasyon rezo a alekri nan yon sèten kantite jou apre konsomatè a te mande enfòmasyon sa yo pa telefòn oswa pa mwayen elektwonik.

Règleman an konfòm ak egzijans Lwa Federal Pa gen Sipriz (No Surprises Act) ki pwoteje konsomatè yo kont move enfòmasyon anyè founisè yo.

W ap jwenn yon kopi règleman final la sou [sitwèb](#) DFS la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418